

Byenveni nan AmeriHealth Caritas Florida



AmeriHealth *Caritas*[™]

Florida

Annou kòmanse!

- **W ap jwenn ti liv pou manm ou an sou Entènèt sou www.amerihealthcaritasfl.com.** Èske ou ta renmen nou voye w li pa lapòs? Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800** (TTY **1-855-358-5856**).
- **Ou ta sipoze resevwa kat idantifikasyon w antanke manm pa lapòs.** Si w pa t resevwa li, oubyen si enfòmasyon ki sou li a pa kòrèk, rele ekip sèvis pou manm yo. Chak manm fanmi w nan plan nou an ap gen **pwòp** kat idantifikasyon pa l la.
- **Kounye a ou gen pou chwazi yon pwofesyonèl sante prensipal AmeriHealth Caritas Florida (primary care provider, PCP).** Pou chèche yon pwofesyonèl sante oswa pou wè lis tout pwofesyonèl sante yo, ale sou **www.amerihealthcaritasfl.com** epi chwazi **Member homepage**. Klike sou **Find a doctor** epi apre sa, klike sou **Search for a provider**. Ou ka chanje PCP w nenpòt lè.
- **Rele PCP ou pou pran randevou pou yon egzamen sante.** Pou amelyore sante w, ou ta dwe al kay doktè w **omwen yon fwa chak ane**. Ou **pap peye** pou okenn sèvis plan sante w la peye pou yo.
- **Ede nou fè w rete an sante: ranpli kesyonè depistaj sante inisyal la ki mache ak dokiman sa a.** W ap bezwen kèk minit sèlman pou ranpli l. Tanpri voye l tounen ban nou nan anvlòp retou ki gentan gen tenm sou li a.
- **Ekip sèvis pou manm nou an la pou reponn kesyon jeneral ou yo.** Ou ka rele l nan **1-855-355-9800**.

Al gade sitwèb nou an sou www.amerihealthcaritasfl.com

Èske ou te konn sa?

- W ap jwenn plis enfòmasyon sou prestasyon w yo ak sou dwa ak responsablite w yo antanke manm nan ti liv pou manm yo sou **www.amerihealthcaritasfl.com**.
- Ou ka anrejistre sou **pòtay pou manm yo** pou wè enfòmasyon sou PCP ou, pou wè dènye antesedan medikal ou yo, pou mande yon nouvo kat idantifikasyon e pou fè lòt bagay ankò. Pou enskri, ale sou **www.amerihealthcaritasfl.com**, klike sou **Members** epi klike sou **Sign in to the member portal**.
- Ale sou paj Getting Started sou sit Entènèt nou an pou jwenn fòm ki enpòtan, tankou **Personal Representative Form** (se yon fòm ki pèmèt ou chwazi yon moun pou pran desizyon sante pou ou nan kèk sitiyasyon) oswa **Authorization for Disclosure of Health Information** (se yon fòm ki pèmèt nouvo pwofesyonèl sante w jwenn dosye medikal ou yo).



Telechaje aplikasyon mobil AmeriHealth Caritas Florida san sa pa koute w anyen

Sou aplikasyon an, ou kapab:

- Wè yon vèsyon elektwonik kat idantifikasyon w lan epi faksè l bay pwofesyonèl sante w apati telefòn ou.
- Jwenn yon pwofesyonèl sante oswa yon famasi toupre w.
- Konsilte dènye antesedan medikal ou yo ak plis bagay toujou!

Ou ka gen pou peye sa operatè telefòn mobil ou mande pou voye mesaj oswa pou itilize done sou Entènèt. Eskane kòd QR ki sou paj ki vin apre a pou telechaje aplikasyon an.

Swen ijans ak swen rapid: Ki diferans ki genyen?

Yon **ijans** se lè ou sitèlman malad oswa blese, lavi w oswa sante w an danje si w pa jwenn yon èd medikal tousuit. Yon ijans sante konpòtmantal egziste lè ou anvi fè tèt ou oswa lòt moun mal. Ou ta dwe ale nan sal ijans lopital la sèlman lè ou gen yon pwoblèm ki menase lavi w.



Swen rapid yo la pou sitiyasyon ki serye, men ki pa rive nan nivo ijans. Sant swen rapid yo bay sèvis rapid pou jan de pwoblèm sa yo:



- Grip oswa rim.
- Doulè nan zòrèy.
- Antòs.
- Iritasyon sou po a.
- Ti koupe, ti boule ak ti blese nan je yo.

Si w pa fin konnen ki kote pou ou ale, rele PCP ou pou l ede w deside si w sipoze ale nan sal ijans lan, nan yon sant swen rapid oswa kay PCP a. Si w pa rive jwenn PCP ou, liy enfimye nou an toujou disponib pou ou, 24 sou 24, 7 sou 7, nan **1-855-398-5615**.



Apple



Android

Eskane kòd pou Apple® oswa Android™ pou telechaje aplikasyon an.

Pou chèche yon pwofesyonèl sante oswa pou wè lis tout pwofesyonèl sante yo, ale sou **www.amerihealthcaritasfl.com**. Klike sou Find a doctor epi klike sou Search for a provider. Ou ka chanje PCP w nenpòt lè.

Ale nan randevou w yo epi retounen lakay ou



Ou ka jwenn transpò pou bagay tankou vizit medikal ak vizit sante konpòtmantal, dyaliz, radyografi, analiz laboratwa, vizit nan sant swen rapid, vizit nan famasi ak plis bagay toujou.

Pou transpò ki pa ijan yo, rele **ekip sèvis transpò a nan 1-855-371-3968**. Veye pou rele **omwen de jou** anvan randevou w la.

Konptakte ekip sèvis transpò a pou jwenn enfòmasyon sou pwogram ranbousman kilomèt yo.

Pou anile yon transpò, rele ekip sèvis transpò a osito sa posib.

Prestasyon famasi w yo

Antanke manm AmeriHealth Caritas Florida, ou benefisye prestasyon ki pèmèt ou jwenn medikaman sou preskripsyon w yo **san ou pa peye pou sa**. Sa gen ladan l tou kèk medikaman ki pa sou preskripsyon.



Lè ou resevwa yon preskripsyon, ale avè l nan yon famasi ki patisipe nan rezo AmeriHealth Caritas Florida a. Ale sou sit Entènèt nou an oswa rele ekip sèvis pou manm yo pou konnen ki famasi ki patisipe nan rezo a nan zòn ou rete a. Si w nan famasi a, lèfini ou gen pwoblèm pou jwenn medikaman sou preskripsyon w lan, **pa soti nan famasi a**. Rele ekip sèvis famasi pou manm yo nan **1-855-371-3963** pou jwenn èd.

Swen sante konpòtmantal

Nou peye pou anpil sèvis ki ka ede w jere kèk pwoblèm tankou anksyete, depresyon oswa abi sibstans Ou pa bezwen pou PCP w refere w pou jwenn sèvis sante konpòtmantal. Si w bezwen èd pou jwenn yon pwofesyonèl sante, ou ka konsilte lis pwofesyonèl ak etablisman sante a sou **www.amerihhealthcaritasfl.com** oswa rele ekip sèvis sante konpòtmantal pou manm yo nan **1-855-371-3967**.



Resous pou ede w

Ekip repons ak kontak rapid la

Enfimyè nou yo ak konektè swen nou yo ka ede w satisfè bezwen ki pi ijan yo, tankou pran randevou oswa jwenn sèvis. Annik rele ekip repons rapid la nan nimewo gratis **1-855-371-8072**, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 5 è nan aprèmidi nan lè ET.

Pwogram matènite Bright Start®



Pwogram matènite nou an gen enfimyè ki ka ba w sipò pandan gwosès ou. Si w tonbe ansent, tanpri fè nou konn sa, paske nou gen resous pou ou! Rele Bright Start nan nimewo gratis **1-855-371-8076**, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 5 è nan aprèmidi nan lè ET.

Jesyon swen



Nou gen anpil pwogram pou ede w jere maladi oswa pwoblèm sante alontèm, tankou opresyon, dyabèt, kansè, bwonkonemopati kwonik obstriktif, maladi kadyovaskilè ak doule kwonik. Nou ofri w pwogram sa yo san ou pa peye pou sa. Ekip jesyon swen an ap travay nan tèt ansanm avè w. Annik rele nou nan nimewo gratis **1-855-371-8072**, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 5 è nan aprèmidi nan lè ET.

Lòt bezwen



Èske ou bezwen èd nan domèn manje, lojman oswa pou lòt bezwen debaz? Pèmèt nou ede w jwenn resous ou bezwen yo ki disponib nan kominote a. Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800**. Epitou, ou ka ale sou sitwèb nou an sou **www.amerihealthcaritasfl.com** epi klike sou **Community Resources** pou itilize zouti rechèch resous kominotè nou an.

Ou bezwen yon smatfòn?



Antanke manm AmeriHealth Caritas Florida, depi ou kalifye, ou ka resevwa yon smatfòn* san sa pa koute w anyen.

Li gen yon kantite done Entènèt ak minit ki limite chak mwa, ak yon kantite mesaj tèks ki pa gen limit.* Pou jwenn plis enfòmasyon e pou aplike pou yon smatfòn, tanpri rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.

*Limit la se youn pou chak fwaye.

Jwenn rekonpans pou konpòtman ki bon pou sante yo



Èske ou te konnen **ou ka jwenn kat kado** lè ou atenn kèk objektif sante nan kad pwogram konpòtman ki bon pou sante nou an? Ou (oswa pitit ou ki manm) ka enskri nan plizyè pwogram konpòtman ki bon pou sante a (depi ou kalifye pou sa) pou jwenn yon rekonpans maksimòm \$50 pou chak pwogram chak ane. Ale sou sit Entènèt nou an oswa rele ekip sèvis pou manm yo pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram konpòtman ki bon pou sante nou yo.

Kenbe kontak!



Si w demenaje oswa si w chanje nimewo telefòn, veye pou fè nou konn sa pou nou ka kontakte w lè nou gen enfòmasyon pou ba w sou sante w ak prestasyon w yo. Pou mete kowòdone w yo ajou, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800**.

Epitou, ou ta dwe mete kowòdone w yo ajou nan ajans sa yo:

- Department of Children and Families:
1-866-762-2237, lendi pou vandredi, soti 7 è nan maten rive 6 è diswa nan lè ET.
- Social Security Administration:
1-800-772-1213, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 7 è diswa nan lè ET.

Nimewo telefòn ki enpòtan ki disponib 24/7/365

- Ekip sèvis pou manm yo: **1-855-355-9800**
(TTY **1-855-358-5856**)
- Liy enfimye ki disponib 24 sou 24, 7 sou 7: **1-855-398-5615**
- Sèvis transpò: **1-855-371-3968**
- Ekip sèvis pou manm yo: **1-855-371-3963**
- Sèvis sante konpòtmantal pou manm yo: **1-855-371-3967**

Rapòte fwod ak abi

Lalwa mande pou moun yo rapòte fwod ak abi. Fwod se yon fo deklarasyon yon moun bay alòske li konnen sa l ap di a se manti. Abi se lè yon moun pa respekte règ yo, men li gendwa pa fè espri. Li lakòz yon gaspiyaj lajan. Si w panse yon moun ap abize sistèm Medicaid la, ou gen devwa pou rapòte sa. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri konsilte ti liv manm ou an. Pou rapòte yon ka fwod oswa abi ou soupsonne, tanpri kontakte:



Liy asistans pou fwod ak abi AmeriHealth Caritas Florida a:

1-866-833-9718, 24/7/365

Pa lapòs: Special Investigations Unit
200 Stevens Drive
Philadelphia, PA 19113

Liy plent konsomatè Florida Medicaid:

1-888-419-3456

Imèl: **MPIComplaints@ahca.myflorida.com**

Pa lapòs: Medicaid Program Integrity
2727 Mahan Drive, MS#6
Tallahassee, FL 32308

Egzamen sante pou timoun



Yon egzamen sante se yon bilan medikal konplè. **Se pa annik piki y ap bay.** Yon egzamen sante fèt pou bebe w, pitit ou oswa adolesan w kontinye grandi an sante. Si PCP pitit ou jwenn yon pwoblèm, tretman an ak suivi a ta dwe kòmanse bonè.

Li fasil pou fè yon egzamen. Rele PCP pitit ou pou pran randevou. Egzamen pou timoun yo **gratis** pou timoun ki poko gen venteyennan yo. Veye pou pitit ou yo fè yon egzamen sante nan **chak** nan laj sa yo:

- 3 a 5 jou.
- 6 mwa.
- 18 mwa.
- 1 mwa.
- 9 mwa.
- 24 mwa.
- 2 mwa.
- 12 mwa.
- 30 mwa.
- 4 mwa.
- 15 mwa.

Timoun ki gen ant twazan ak venteyennan yo ta dwe gen yon egzamen sante chak ane.

Sèvis telemedsin

Ou ka jwenn èd ou bezwen an san w pa bezwen soti. Gen randevou telemedsin ki disponib ak MDLIVE® san sa pa koute manm yo anyen. Sèvis telemedsin MDLIVE yo se sèvis ki **anplis** sèvis telemedsin doktè swen prensipal ou gendwa pwopoze. Doktè MDLIVE yo fòme pou vizit vityèl yo. Yo ede w 24 sou 24, 7 sou 7, 365 jou nan ane a, ak plis pase 80 pwoblèm sante woutin, tankou:



- Sentòm rim.
- Malgòj.
- Pwoblèm respirasyon.
- Ak plis bagay toujou.

Pou enskri pou MDLIVE oswa pou kominike ak yon pwofesyonèl sante MDLIVE:

Ale sou **www.mdlive.com/acfl**.

Rele nan **1-877-601-0641**.

MDLIVE se yon sèvis ki la pou swen medikal woutin sèlman. Si w gen yon ijans, rele **911**.

Swen sante prevansyon pou adilt yo



Ou ta dwe al kay PCP w pou yon egzamen sante **omwen** yon fwa chak ane. Sa ka pèmèt PCP w detekte nenpòt pwoblèm sante bonè.

Sèvis sante prevansyon yo gen ladan yo:

- **Sante fi:** egzamen fi ak mamografi.
- **Swen prenatal:** vikzit regilye kay yon pwofesyonèl sante pandan yon gwosès.
- **Sante adilt:** egzamen sante anyèl, evalyasyon risk, analiz woutin nan laboratwa, konsèy prevansyon, rejim ak egzèsis, ak vaksen pou adilt.

This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800** or TTY **1-855-358-5856**, 24 hours a day, 7 days a week.

Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Comuníquese con nuestro número de servicio al cliente al **1-855-355-9800** o TTY **1-855-358-5856**, las 24 horas del día, los 7 días de la semana.

Enfòmasyon sa a disponib gratis nan lòt lang. Tanpri rele sèvis kliyan nou an nan nimewo **1-855-355-9800** oswa TTY **1-855-358-5856**, 24 sou 24, 7 sou 7.

Nou itilize tout imaj yo anba yon lisans nan objektif pou nou ilistre dokiman an sèlman. Nenpòt moun ki parèt nan imaj yo se modèl yo ye.

ACFL_221853100-1-1

